

Egzijans Jeneral

Lwa sou Dwa Moun nan Maine egzije ke moun k ap bay sèvis lojman yo pou yo otorize yo gen bèt gid nan lokal la. Gen kèk eksepsyon, tankou si bèt gid la danjere oswa li renmen deranje moun, men bèt gid yo an jeneral ka otorize.

Definisyon

Lwa sou Dwa Moun nan Maine defini “bèt gid” tankou tout bèt ki itilize pou bese efè yon enfimite fizik oswa mantal yon doktè, sikològ, asistan doktè, enfimyè oswa yon travayè sosyal ki gen lisans preskri oswa ki te resevwa fòmasyon endividyèlman pou ede moun ki gen andikap la. Yon bèt gen pwoteksyon si li respekte definisyon sa a, san yo pa bezwen konnen si l rele “bèt de sèvis” oswa yon lòt jan, tankou bèt pou èd espesyal, bèt pou terapi, chen gid, oswa bèt sipò emosyonèl. Yon egzantp bèt de sèvis ta kapab yon chen ki gen fòmasyon pou gide yon moun ki gen twoub vizyèl oswa ede yon moun ki gen difikilte pou mache ekilibre. Li ta ka genyen tou yon chat ki preskri pa yon sikològ pou akonpanye yon moun ki gen depresyon. Sa yo se

sèlman kèk egzantp, epi bèt de sèvis yo ka preskri oswa ki resevwa fòmasyon pou anpil rezon diferan. Bèt de sèvis yo kapab nenpòt espès oswa ras (egzantp, makak, zwazo) ak yo pa limite a chen ak chat.

Idantifikasyon

Li pa nesesè pou yon bèt de sèvis pou li gen yon kat idantifikasyon espesyal, pou li anrejistre, oswa mete yon bandwòl oswa kolye ki idantifye li kòm yon bèt de sèvis. Kèk bèt de sèvis gen bagay sa yo, men yo pa nesesè pou yo rekonèt yon bèt de sèvis dapre Lwa sou Dwa Moun nan Maine.

Kesyon Akseptab

Yon founisè lojman ka mande sou nati a nan andikap la si li pa klè e kèk prèv ki montre ke te bèt de sèvis la, yo te preskri oswa antrene li. Prèv antrènmanan kapab yon demonstrasyon.

Regleman pou Itilize

Moun ki gen bèt de sèvis la dwe benefisye menm eksperyans lojman nan menm kondisyon ak lòt lokatè ki pa gen bèt de sèvis. Sa vle di, pa egzantp, moun sa a pa ta dwe izole ni limite pou li ale sèlman nan kèk zòn nan lokal lojman an. Li ilegal tou pou pwopriyetè yon apatman pou li chwazi apatman espesyal pou lokatè ki gen bèt de sèvis.

Li ilegal pou fè yon moun ki gen bèt de sèvis peye frè adisyonèl pou bèt la. Pa egzantp, yon founisè lojman pa kapab mande depo garanti anplis pou bèt de sèvis, menm si li reklame l tankou yon frè pou bèt kay. Sonje byen, yon bèt gid se pa yon bèt kay; li se yon èd ki bay moun ki andikape a menm opòtinite pou li itilize epi jwi kay la. Founisè lojman yo kapab fè ou peye pou domaj (lòt frè ke enterè nòmal) ke bèt gid la fè, men, se si li nòmal pou peye pou domaj.

Retire

Yo ka retire yon bèt gid nan lokal la si li se yon menas dirèk pou sante oswa sekirite lòt yo, si li ta lakòz gwo domaj fizik nan pwopriyete lòt moun, oswa si bèt la deranje jwisans rezonab lòt moun nan lojman an. Yon chen ki toujou ap jape lannwit pandan lòt lokatè ap eseye dòmi oswa ap mòde lòt lokatè oswa envite, pa egzanp, sa kapab pèmèt yo retire li. Dwe gen yon baz reyèl pou retire bèt la, men, epi se pa sèlman paske yo pè oswa estereyotip sou sèten bèt. pa egzanp, yo kapab refize oswa retire yon chyen ki toujou gen yon konòtman agresif men se pa yonn ki gen yon gwozè kèlkonk oswa ras. Si lokatè a alèji ak bèt, li kapab nesèsè pou fè aranjman pou tout moun ki konsène yo, tankou pa kite bèt la pwoche sou moun sa yo ki alèji avèk li yo pandan moun ki gen bèt gid la ap toujou nan kay la.

LWA SOU DWA MOUN NAN MAINE

Definisyon

“Bèt gid” vle di:

A. Pou rezon ki nan Sou chapit 4:

(1) nenpòt bèt ki itilize pou bese efè yon enfimite fizik oswa mantal yon doktè, sikològ, asistan doktè, enfimiyè oswa yon travayè sosyal ki gen lisans preskri, oswa

(2) Nenpòt bèt ki te resevwa fòmasyon endividyèlman pou travay oswa ede nan enterè yon moun ki gen yon andikap fizik oswa mantal, ki gen ladan, men se pa sa sèlman, gide moun ki gen pwoblèm vizyon, alète moun ki soud oswa mal pou tande son, bay pwoteksyon rezonab oswa travay sekou, rale yon chèz woulant oswa pran bagay ki tonbe.

... 5 M.R.S.A. §4553(9-E).

Diskriminasyon ilegal nan lojman sou baz andikap

Se diskriminasyon ilegal nan lojman, an vyolasyon a Lwa sa a: . . . Pou tout pwopriyete, lokatè, sou lokatè, ajan jesyon oswa tout lòt moun ki gen dwa pou vann, lwe oswa jere yon lojman oswa nenpòt nan ajan yo pou yo pa otorize itilizasyon bèt gid oswa fè diskriminasyon kont yon moun ki gen yon andikap fizik oswa mantal ki itilize yon bèt gid nan lojman an sof si defans lan montre ke bèt la se yon menas dirèk pou sante ak sekirite lòt moun oswa itilizasyon bèt gid la ta lakòz gwo domaj fizik nan pwopriyete lòt moun oswa si bèt la deranje jwisans rezonab lòt moun nan lojman an. Itilizasyon bèt gid pa gen dwa anyen pou wè ak peman yon frè oswa depo sekirite, menmsi moun ki gen andikap fizik oswa mantal la li responsab pou nenpòt domaj bèt gid la fè nan lokal yo oswa enstalasyon an. 5 M.R.S.A. §4582-A(3).

BÈT GID NAN LOJMAN

KONNEN DWA AK RESPONSABLITE W



ETA MAINE
KOMISYON DWA MOUN NAN MAINE
51 STATE HOUSE STATION
AUGUSTA ME 04333

(207) 624-6290 TELEFÒN
(207) 624-8729 FAX
TTY: MAINE RELAY 711

www.maine.gov/mhrc